

Sa a kòmanse avèk kominote a

27 dawout 2024

Chè Kominote Terrapin,

Byenvini nan semès otòn 2024 la! Pandan n ap reflechi sou ane ki sot pase a epi gade lavni, li difisil pou imagine yon moman ki pi enpòtan pase kounye a—nan yon lane kote angajman kominotè ak sivik t a dwe nan premye plan nan lespri nou—pou nou vrèman anbrase **vizyon nou te etabli a pou nou konsakre nou ak byen piblik la.**

Yè, nou te tande Prezidan Pines pale sou enpòtans Terps ki travay ansanm. Lè mwen panse ak inite, mwen imagine non sèlman sa li vle di pou kanpis nou an, men sa li vle di pou kominote nou yo ki pre ak lwen.

Yon aksan sou angajman kominotè

Sa a se jis youn nan rezon ki fè mwen kontan nouvo Sant Angajman Kominotè nou an ap lanse semès sa a avèk arive **premye Rektè Asosye pou Angajman Kominotè a**, Doktè Tania Mitchell. Li pote avèk li plizyè deseni eksperyans ak rechèch sou wòl angajman kominotè genyen nan ansèyman siperyè. Li pral apiye sou ekspètiz manm kominote yo atravè tout kanpis la, epi ede favorize koneksyon pou entegre angajman kominotè nan chak pati nan inivèsite nou an—sòti nan ansèyman ak aprantisaj pou rive nan rechèch ak sèvis. Nou kontan tou pou n akeyi Biwo Angajman Kominotè a ak de (2) deseni eksperyans li yo nan Afè Akademik.



Sèvi byen piblik la

Pou pwofesè ak manm pèsònèl nou yo: Mwen vrèman fyè pou travay ki gen enpak ki deja ap fèt gras ak kolèg ki nan lekòl, kolèj ak inite atravè kanpis la pou leve gwo defi limanite—atravè pwogram edikatif ki angajan epi ki baze sou eksperyans, dekouvèt syantifik revolisyonè ak aktivite kreyatif, ansanm ak rechèch ki inovatè nan syans imen, syans sosyal ak

domèn pwofesyonèl yo. Ane sa a, pandan n ap travay pou n leve yon gwo defi ki patikilyèman ijan—demokrasi nou an—sa enspiran pou n wè pòte travay ki fèt pou angaje ak edike nouvo elektè yo, ranfòse fondasyon sante sivik la, entegre eksperyans angajman sivik nan kou yo, epi bay elèv yo resous yo gen bezwen pou yo fè chanjman ki remakab.

Pou etidyan nou yo: Mwen espere nou pral pwofite tout sa inivèsite nou an ofri pou soutni nou pandan n ap poze fondasyon pou pwòp avni nou, epi pou avni demokrasi nou an, nasyon nou an ak mond lan. Nou ankouraje nou pou n san krent nan rechèch nou an pou amelyorasyon limanite, kèlkeswa domèn etid nou an.

Pa gen pi bon moman pou **angaje nou**.



Avanse ansanm san krent

Lè mwen panse ak avni inivèsite nou an ak sa nou gen pou n ofri, mwen sonje mo plan estratejik nou an: *Ansanm, nou pral konsakre nou pou pwomouvwa byen piblik la paske byennèt endividyèl nou lye pou tout tan ak byennèt kolektif nou.* Enpak nou te fè pandan nou rete fidèl ak vizyon sa a te remakab, e mwen konnen ane akademik sa a ap chaje ak nouvo reyalizasyon nou pral akonpli ansanm.

Sensèman,

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal ak Rektris

Li (Pwonon feminen)